PEMERINTAH KABUPATEN WONOGIRI
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

# PENILAIAN AKHIR TAHUN SEKOLAH DASAR
# TAHUN PELAJARAN 2020/2021

**KURIKULUM 2013**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Mata Pelajaran** | **: Bahasa Jawa** | **Hari/tanggal** | **: Sabtu, 5 Juni 2021** |
| **Kelas** | **: 3 ( Tiga )** | **W a k t u** | **: 07.30 – 09.00 ( 90 menit )** |

**PETUNJUK UMUM :**

1. Tulislah nama dan nomor pada sudut kanan atas pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kau anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan sebelum kau serahkan pada Bapak/Ibu Guru!

**I. Wenehana tandha ping ( X ) ing aksara a, b, c utawa d sangarepe wangsulan sing paling bener ing lembar jawaban kang wis cumawis!**

Bapak pocung dudu watu dudu gunung
Sangkamu Palembang
Dedeg ira ageng inggil
Yen lumampah si pocung lembehan grana

1. Cacahing gatra tembang Pocung iku ana ....
   a. 4
   b. 5
   c. 6
   d. 7
2. Gatra ka-2 tembang Pocung guru wilangan lan guru lagune ....
   a. 6a
   b. 7a
   c. 8a
   d. 9a
3. Cacahe wanda saben sagatra tembang macapat diarani guru wilangan. Sagatra tegese ....
   a. sabait
   b. sapada
   c. salarik
   d. satembang
4. Yen lumampah si pocung lembehan grana. Tembung grana tegese ....
   a. sikil
   b. irung
   c. tangan
   d. kuping

**Wacanen kanthi pratitis kanggo mangsuli soal nomer 5 - 8!**

**Nglangi ing Brajan Indah**

Dina Minggu esuk watara jam wolu, aku lan adhiku mlaku-mlaku menyang Brajan Indah. Brajan Indah yaiku papan kolam renang ing sakidule omahku udakara 150 meter, ing Desa Tegalsari, Karanggede, Boyolali.

Sadurunge nglangi, aku tuku karcis loro, regane siji Rp 5. 000,-. Sawise salin aku lan adhiku banjur njegur ing kolam renang, "Byuuur!" seger banget banyune. Aku lan adhiku uga nylorot ing prosotan. Wah pokoke seneng tenan.

5. Kadadeane prastawa ing dina ....
   a. Kemis
   b. Jumuwah
   c. Setu
   d. Minggu

6. Brajan Indah iku minangka papan awujud ....
   a. taman kota
   b. kolam renang
   c. candi
   d. pante

7. Brajan Indah iku penere ana ing Desa ....
   a. Boyolali
   b. Wonosari
   c. Tegalsari
   d. Tanjungsari

8. Pengalaman sing dialami paraga ing dhuwur kalebu pengalaman sing ....
   a. lucu
   b. nelangsa
   c. nyenengake
   d. nrenyuhake

**Teks kanggo mangsuli soal nomer 9 - 12!**

Yo prakanca dolanan neng njaba,
Padhang bulan padhange kaya rina
rembulane ne, sing ngawe-awe
Ngelingake aja padha turu sore

9. Irah-irahan kang trep kanggo tembang ing dhuwur yaiku ...
   a. Jamuran
   b. Jaranan
   c. Dolanan
   d. Padhang Bulan

10. Tembang ing dhuwur kalebu jinis tembang ....
    a. dolanan
    b. macapat
    c. gedhe
    d. tengahan

11. Padhang bulan padhange kaya rina.
    Tegese tembung *rina* yaiku ....
    a. esuk
    b. awan
    c. sore
    d. bengi

12. Basa krama aluse tembung *turu* yaiku ....
    a. wungu
    b. dhahar
    c. siram
    d. sare

13. Aksara Jawa legena yaiku aksara sing ....
    a. dipangku
    b. wis oleh pasangan
    c. disandhangi
    d. durung oleh sandhangan

14. Jayabaya, yen ditulis nganggo aksara Jawa dadi ....
    a. 
    b. 
    c. 
    d. 

15. , diwaca ....
    a. ana lawa
    b. ana kana
    c. ana dara
    d. ana baya

**II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung kang trep ing lembar jawab kang cumawis!**

| |
|---|
| Bapak pocung dudu watu dudu gunung<br>Sabamu ing sendhang<br>Pencokanmu lambung kering<br>Prapteng wisma si pocung mutah guwaya |

16. Batangane tembang Pocung ing dhuwur iku ....
17. Sabane si pocung ana ing ....
18. Prapteng wisma si pocung mutah guwaya. Tembung wisma tegese yaiku ....
19. Guru wilangan lan guru lagune larik kapapat yaiku ....
20. Basa kramane *omah* yaiku ....
21. Pengalaman yaiku crita babagan prastawa kang wis tau ....
22. Ngrayakake ulang taun kalebu pengalaman sing ....
23. Bocah sekolah biyasane padha plesir nalika ... sekolah.
24. Kanggo ngandharake wektu kedadeane prastawa, nggunaake tembung pitakon ....
25. Kebanjiran iku kalebu pengalaman kang ....